

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- VAKSINASYON COVID-19
- GRADYASYON KLAS 2021 AN
- PWOGRAM ESTAJ POU JÈN PANDAN ETE A

Me 2021

Biltèn 13 | NIMEWO 74 |

VAKSINASYON COVID-19 NAN M-DCPS



Miami-Dade County ak Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) fè patenarya pou ofri vaksen Pfizer COVID-19 nan lekòl piblik atravè konte a, pou ofri anplwaye lekòl, elèv, ak fanmi yo, e nenpòt moun nan kominote a ki swete pran vaksen posiblite pou jwenn kote ki aksesib pou yo.

Aprè otorizasyon CDC bay vaksen Pfizer pou timoun laj 12-15 an, adolesan ki gen 12 an e plis ap elijib pou resevwa vaksen nan kèk etablisman lekòl nan M-DCPS.

Nan lekòl sa yo y ap bay vaksen pou tout adilt ak jèn ki elijib selon machasuiv otorizasyon federal ki an vigè kounye a, ki gen ladan adolesan ki gen 12-15 an selon dènye apwobasyon ki soti nan CDC. Nenpòt moun ki gen mwens pase 18 an dwe akonpaye avèk yon paran oubyen gadyen pou resevwa vaksen.

Men Adrès ak Orè Vaksinasyon nan M-DCPS

Samdi, soti 9:00 dimaten rive 5:00 nan aprèmidi, pou gran piblik la.

Miami Jackson Senior High School	1751 NW 36th Street Miami, FL, 33142
Miami Sunset Senior High School	13125 SW 72nd Street Miami, FL, 33183
North Miami Senior High School	13110 NE 8th Avenue North Miami FL, 33161
Hialeah Gardens Senior High School	11700 Hialeah Gardens Blvd. Hialeah Gardens, FL, 33018
Homestead Senior High School	2351 SE 12th Avenue Homestead, FL, 33034
Robert Morgan Senior High School	18180 SW 122nd Avenue Miami FL, 33177

Randevou pou vaksinasyon nan jou samdi yo ap disponib
atravè sit entènèt Miami-Dade County a nan
<https://www.miamidade.gov/vaksen>.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

31 me
Obsèvans Jounen
Memoryal

9 jen
Dènye Jou Lekòl

10 jen
Jounen Planifikasyon
pou Pwofesè

23 out
Premye Jou ane Lekòl
2021-2022 a



"Eksperyans Ete 305" se pi gran pwogram ete nou wè nan Lekòl Leta Miami-Dade County depi plizyè dizèn ane. Eksperyans lekòl ete ane sa a, ap pèmèt nou satisfè bezwen san parèy elèv nou yo, diminye pèt aprantisaj akòz pandemi an, epi kontinye adrese kesyon pèfòmans ak eka nan opòtinite ki egziste yo. Sa ap pèmèt elèv nou yo antre nan otòn nan tou pare pou aprann.

"Eksperyans Ete 305" ap kòmanse 14 jen pou rive 20 out 2021, epi ap genyen

kou enteresan, avanse, an pèsòn nan 179 lekòl, ak sou entènèt pou elèv klas matènèl jiska dènye ane lekòl segondè.

Ane sa a, pou premye fwa, M-DCPS ap fè patenarya avèk "The Children's Trust," pi gwo patnè finansye/founisè kan ete nan kominote nou an. Li ofri plis pase 300 kan atravè kominote a - kèk ladan yo lokalize nan lekòl nou yo. M-DCPS ap bay pwofesè ki pral travay an ti gwoup avèk timoun yo resous materyèl sou lekti/ekriti debaz ak aritmetik, pou adrese pèt aprantisaj ak devlope ladrès debaz nan lekti ak matematik pou prepare yo pou pwochen nivo klas yo. Malgre kan yo pral fonksyone sou diferan kalandriye, pwofesè nou yo ap bay sèvis sou yon peryòd senk semen, soti 28 jen rive 30 jiyè. Se Distri a ki ap bay materyèl yo tou.

Lekòl ak kan yo ap suiv pwotokòl sante, sekirite ak ijyèn ki anviyè aktyèlman. N ap bay transpò pou elèv ki satisfè kondisyon elijibilite yo, e n ap bay manje maten ak manje midi gratis. Anplis, n ap bay sèvis sipò sosyo-emosyonèl ak sante mantal.

Enskripsyon pou pwogram Eksperyans Ete 305 M-DCPS yo ap fèt sou sit entènèt lekòl kote pwogram ete a ap fèt la. Fanmi yo ka vizite [summer305.dadeschools.net](https://www.summer305.dadeschools.net) pou ranpli Fòm Seleksyon pou pwogram nan. Sa ap pèmèt lekòl kote pwogram nan ap fèt la kontakte fanmi an pou finalize enskripsyon an.

Pou aprann plis konsènan Kan Ete 'The Children's Trust' yo e pou enskri pou kan yo, silvouplè vizite: <https://www.thechildrenstrust.org/>.

PWOTOKÒL SANTE & SEKIRITE M-DCPS METE ANPLAS POU SEREMONI GRADYASYON KLAS 2021 AN



Gradyasyon an pèsòn "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) yo, ki pwograme pou 1ye rive 9 jen, ap respekte rekòmandasyon ak pwotokòl ki mete aksan sou sante ak sekirite CDC ak ekspè sante lokal yo etabli. Sa ap bay fanmi yo opòtinite pou selebre klas fiti lidè sa yo ki te demontre anpil detèminasyon.

Seremoni gradyasyon yo ap varye nan kantite elèv k ap gradye soti 20 rive 958 gradye. Men chanjman ki fèt nan seremoni gradyasyon tradisyonèl la pou asire distans sosyal:

- Chak gradye ap resevwa de (2) kat envitasyon pou paran/gadyen yo
- Paran/gadyen yo ap chita nan

GWOUPE de (2) moun epi yo dwe sosyalman distansye parapò ak lòt moun

- Chak andwa ap gen yon antre byen detèmine ki rezève sèlman pou gradye yo
- Nou ekate orè gradyasyon an pou diminye anbouteyaj epi bay ase tan pou netwaye ak dezenfekte chak chanm aprè sesyon yo
- Gradye yo ap kenbe distans sosyal ak direktè lekòl la pou foto yo
- Gradye yo ap resevwa diplòm yo lè yo retounen "cap and gown" (chapo ak tøj) yo

N ap itilize pwotokòl sante ak sekirite ki rijid pou gradye nou yo ak diyète k ap patisipe nan seremoni yo, tankou:

- Gradye yo ap kenbe distans sosyal devan podyòm nan
- Mask oubyen kouvèti vizaj ap obligatwa pou tout patisipan yo
- Envite sou platfòm nan ap kenbe distans sosyal
- N ap dezenfekte mikwofòn yo aprè chak oratè

- Envite sou platfòm nan ap kanpe an liy ak distans sosyal pou resevwa gradye yo
- Pap gen bay lanmen aprè gradye yo resevwa katab diplòm yo
- Se sèlman gradye ak envite ki gen kat envitasyon n ap pèmèt antre nan espas la
- N ap bay dezenfektan pou men

Nou mande paran/gadyen oubyen envite yo respekte pwotokòl sekirite sante ki dekri anwo a. Anplis mask ak kouvèti vizaj, y ap bezwen ranpli yon tès depistaj sante anvan yo antre.

Gradyasyon yo ap fèt nan twa kote: Miami-Dade Fair & Expo Center, Sant Konvansyon Ocean Bank nan FIU, ak Oditoryòm Lekòl Segondè Miami Senior High. Gradyasyon yo ap difize sou entènèt pou fanmi ak zanmi ki pa kapab ale fizikman.

Pou orè gradyasyon an pèsòn e a distans, vizite [classof2021.dadeschools.net](https://www.classof2021.dadeschools.net).

M-DCPS AP CHÈCHE PLASE ESTAJYÈ LEKÒL SEGONDÈ YO NAN BIZNIS POU 5ÈM ANIVÈSÈ PWOGRAM ESTAJ ETE POU JÈN YO

“Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ak Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon ap kolabore avèk Miami-Dade County ak ‘The Children’s Trust’ pou jere “Summer Youth Internship Program (SYIP)” (Pwogram Ete Estaj pou Jèn) pou ane 2021 an. Inisyativ sa a bay elèv 10èm-12èm ane eskolè M-DCPS yo bonjan estaj.

Pwogram estaj ete ane pase a te adapte pwosedi li yo akòz COVID-19 la. Pwogram ane sa a ap fèt an pèsòn, (nan suiv direktiv sante yo) a distans e atravè yon modèl mik.

Elèv lekòl segondè yo dwe konplete 150 èdtan estaj pandan peryòd senk semèn nan, kòmanse 1ye jiyè rive 5

out 2021, nan biznis ak òganizasyon ki anrejistre atravè konte a. Inisyativ sa a ap bay jèn yo edikasyon ak eksperyans travay ki enpòtan, ak opòtinite pou fòmasyon. Anplis frè ak salè òganizasyon ki ap patwone pwogram nan ap peye yo, patisipan yo ap resevwa tou kredi lekòl segondè e yo ka resevwa kredi anwolman doub nan Kolèj Miami Dade.

Elèv ki kalifye yo dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Kalifye pou travay Ozetazini e ou dwe yon rezidan nan Miami-Dade County
- Aktyèlman enskri nan yon lekòl segondè M-DCPS
- Ouvri yon kont avèk EdFed – ‘The Educational Federal Credit Union’
- Konplete kou preliminè pou estaj

la sou entènèt la, soumèt TOUT dokiman, e enskri pou pwosesis anplwa estaj la nan miami.getmyinterns.org.

- Nou ap bay elèv vilnerab yo priorite si yo satisfè youn nan kritè sa yo: enskri pou repa midi gratis/pri redui; yon “English Language Learners (ELL)” (Elèv k ap Aprann Lang Anglè) oswa yon elèv ki gen abitid absan, avèk 15 oswa plis absans ki pa ekskize.

‘CareerSource South Florida, The Children’s Trust, Miami-Dade County, ak EdFed - The Federal Federal Credit Union’ se prensipal òganizasyon sa yo ki ap patwone inisyativ sa a. Pou enskri yon biznis oswa yon òganizasyon kòm yon founisè estaj, vizite miami.getmyinterns.org.

SEKIRITE NAN DLO KÒMANSE ATÈ NAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY



Ladrès sekirite nan dlo se youn nan leson ki pi enpòtan ou ka anseye yon timoun, espesyalman nan Eta Florid. Soti 2017-2019 konbine, Florid gen pi gwo kantite timoun laj 0 rive 9 ane ki nwaye pa aksidan.

Pwogram “Learn-to-Swim” (Aprann Naje) Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS), yo rele tou ‘iSwim’, sou 47èm ane depi li te kreye. Inisyativ inovatif sa a – ki fè pati ‘Division of Academics, Office of Life Skills and Special Programs’ – anseye plizyè milye jèn elèv fason pou yo naje e elimine laperèz yo genyen lè y ap fè aktivite nan dlo. iSwim anseye elèv klas primè yo – sa ki pi vilnerab e ki gen plis risk pou nwaye – ladrès nesèsè yo bezwen pou yo an sekirite nan dlo e nan zòn ki gen dlo. Elèv klas matènèl

rive 2èm ane eskolè yo resevwa ladrès debaz nan naje ak edikasyon sou sekirite nan dlo.

Tout enstriktè iSwim yo se pwofesè ki gen sètifikasyon eta a e ki resevwa fòmasyon apwofondi sou sekirite nan dlo ansanm ak bonjan Teknik naje. Yo genyen tou sètifikasyon Kwa Wouj Ameriken bay enstriktè sou sekirite nan dlo ansanm ak Siveyans oubyen Sekirite moun ki ap fè aktivite nan dlo.

Avan pandemi COVID-19 la, chak lekòl ki t ap patisipe nan pwogram iSwim M-DCPS la te resevwa yon pisin pòtab, ki enstale nan yon salklas e ki gen ladan yon sistèm ponp sikilasyon dènye kri, yon sistèm chofaj ak yon sistèm alam sofistike ki konekte ak biwo prensipal chak lekòl ansanm ak sistèm kontwòl alam Distri a.

Nan ane lekòl sa a, M-DCPS fè yon chanjman pou antre nan enstriksyon “dryland” (sou tè fèm), ki ofri leson ak aktivite ki anseye ladrès pou naje ak konsepsyon sou sekirite nan dlo nan yon salklas oubyen a distans. Gen anpil

benefis nan “enstriksyon sou tè fèm”, sa gen ladan devlopman misk sèvo yo ak rediksyon anksyete. M-DCPS itilize kourikoulòm Kwa Wouj Ameriken ki rele “W.H.A.L.E. (Water Habits Are Learned Early)” Tales (Se Bonè Moun Aprann Naje), ki anseye timoun yo konsènan sekirite nan dlo e fason pou yo reyaji lè gen ijans nan dlo nan diferan anviwònman tankou pisin, pak akwatik, lanmè, lak ak rivyè. W.H.A.L.E. Tales diskite tou danje dlo reprezante nan kay ak nan vwazinaj, e li kouvri kesyon sekirite nan solèy ak sekirite nan bato. Nou ap jwenn leson konsènan sekirite nan dlo nan <https://lifeskills.dadeschools.net> pou elèv K-12 e yo anseye yo pandan tout ane a.

Pandan n ap selebre Mwa Sansibilizasyon sou Sekirite nan Dlo, e pandan anpil plas ak plaj ap relouvri, aprann naje vin pi enpòtan pase toutan. Annou tout aprann konsènan sekirite nan dlo e rete an sekirite pandan n ap jwi tout amizman ak detant dlo ka ofri.

YO NONMEN RACHEL B. AUTLER MEYÈ DIREKTRIS LEKÒL POU 2021, SAMUEL J. LOUIS SE MEYÈ ASISTAN DIREKTÈ LEKÒL POU ANE A



Rachel B. Autler



Samuel J. Louis

Yo nonmen Rachel B. Autler Meyè Direktris Lekòl pou Ane 2021 an. Autler, ki se yon pwodui lekòl piblik nan Sid Florid la, atribye siksè li ak pwofesè e anplwaye yo ki anbrase kwayans li. Li kwè chak elèv li se yon moun apa ki gen dwa pou l resevwa yon edikasyon ki depase sa moun ka atann.

Objektif prensipal li ki se amelyore lavi elèv yo te abouti nan ogmantasyon rezilta egzamen yo depi karyè li te kòmanse nan Hialeah Gardens Elementary an 2015. Autler, yo konnen kòm yon direktris ekilibre e respekte atravè kominote a, te jwenn pwomosyon kòm Direktris Rejyon. Li ap resevwa yon prim kach \$2,000 ak

yon lokasyon vwati pou twazan Toyota of North Miami ofri.

Yo nonmen Samuel J. Louis nan John A. Ferguson Senior High kòm Meyè Asistan Direktè pou Ane a. Louis, ki se yon lidè ki gen yon etik travay enèjik, ap travay kòm asistan direktè nan Ferguson High depi twazan. Li travay akote Meyè Direktè Lekòl 2020 an, Rafael Villalobos. Li ap resevwa yon prim \$1,500 kach ak yon TV 65-pous Toyota of North Miami ap ofri.

Moun ki vin an dezyèm pozisyon an se Dtè. Selena Volcy nan North Miami Beach Senior High.

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

23 jen

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

14 jiyè

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

28 jiyè

5:00 nan aprèmidi
Atelye sou Bidjè

18 out

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Ankouraje

Aktivite Fizik

<https://bit.ly/3hpCWKm>

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Maria Martinez
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego